

Ou bezwen èd pou nourri timoun ou yo pandan vakans ete a?

Dekouvri kijan pwogram Summer EBT/SUN Bucks Ohio a ka ede w!

Kijan li fonksyone?

Summer EBT, yo rele tou 'SUN Bucks', se yon pwogram nan Ohio ki ede fanmi achte manje pou timoun yo ki nan laj pou yo al lekòl pandan sezon ete a. Fanmi ki elijib yo resevwa \$120 pou chak timoun pou achte manje, epi timoun yo ka toujou patisipe nan lòt pwogram repa pandan ete a. Yo mete avantaj yo sou yon kat Summer EBT, yo te voye lakay ou pa lapòs, oswa yo ajoute yo sou Ohio Direction Card ou genyen deja a. Ou ka itilize kat la nan makèt, mache fèmeye, ak lòt kote ki aksepte SNAP EBT pou achte manje ki apwouve tankou fwi, legim, vyann, sereyal antye ak pwodwi letye.



Eskane kòd QR la pou w jwenn kote ou ka itilize SNAP!

Èske pitit mwen an elijib?

Pitit ou a elijib pou Ohio Summer EBT/SUN Bucks si:

- Kay ou a deja ap patisipe nan SNAP
 - Y ap ajoute avantaj pitit ou a otomatikman sou Ohio Direction Card li a epi li P AP bezwen aplike. Si ou te patisipe ane pase nan SEBT, y ap rechaje avantaj ou yo sou menm kat la, ou p ap bezwen yon nouvo.
- Pitit ou a ale nan yon lekòl k ap patisipe nan Pwogram Nasyonal Manje Midi Nan Lekòl (National School Lunch Program, NSLP) oswa Pwogram Nasyonal Manje Maten Nan Lekòl (School Breakfast Program, SBP), epi ou te aplike pou manje gratis oswa ki a pi bapri pou li.
- Si pitit ou a ap patisipe nan Medicaid oswa OWF epi revni kay ou a egal oswa pi ba pase 185% FPL la, y ap enskri li otomatikman men l ap resevwa yon nouvo kat pa lapòs.

Ou Fenk Demenaje?

Mete adrès ou ajou pou asire w y ap voye avantaj Summer EBT/SUN Bucks ou yo nan bon adrès la!



Eskane kòd QR la pou w jwenn biwo Sèvis Travay ak Fanmi lokal (local Job and Family Service office) ou a pou w soumèt fòmilè chanjman adrès la.



Ou vle pou lajan w lan achte plis bagay nan magazen alimantè a?

Dekouvri resèt fasil epi ki abòdab sou celebrateyourplate.org

Kijan pou m enskri pitit mwen nan Summer EBT/SUN Bucks?

Anpil fanmi ap resevwa Summer EBT/SUN Bucks otomatikman si yo deja ap resevwa lòt avantaj, men gen kèk fanmi ki ka bezwen aplike pou pwogram lan.

Si kay ou ap resevwa SNAP, OWF ak/oswa elijib dapre revni Medicaid pou manje gratis epi ki a pi ba pri, oswa si yo te sètifye dirèkteman pou manje a pi ba pri, y ap enskri otomatikman nan pwogram Summer EBT/SUN Bucks la. Ou pa bezwen ranpli yon aplikasyon. W ap resevwa yon kat pa lapòs, oswa y ap ajoute avantaj yo sou Ohio Direction Card ou a.

Si ou pa enskri otomatikman epi ou kwè pitit ou yo elijib, ou ka aplike pou Summer EBT/SUN Bucks lè w ranpli yon aplikasyon senp ak kòd QR ki anba a.









Pou aplike anliy,
eskane kòd QR la!

**Pou w aprann plis, vizite
ohiosummerebt.org**

Aplike anvan
14 Dawout!

SUN BUCKS

Si pitit ou a p ap resevwa SNAP, li p ap resevwa OWF, li pa elijib pou Medicaid selon revni epi li pa t apwouve dirèkteman pou manje lekòl gratis oswa a pi ba pri, ou ka toujou elijib selon revni kay ou a. Si revni kay ou a egal oswa pi ba pase kritè sa yo pou chak mwa, ou ta dwe ranpli aplikasyon Ohio Summer EBT a.

Kantite Moun Kay la Genyen	185% FPL
1 	\$2,413
2 	\$3,261
3 	\$4,109
4 	\$4,957
5 	\$5,805
6 	\$6,653

